



BAB III

METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode deskriptif. Anu dimaksud méthode déskriptif nya éta méthode panalungtikan anu maksudna pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan status hiji gejala, nya éta kaayaan gejala nu aya dina waktu panalungtikan dilakukeun. (Arikunto, 1998:254). Ku jalan ngagunakeun méthode deskriptif sarta nganalisis carpon “Sintung Kalapa” baris kagambar aspék psikologis carpon “Sintung Kalapa” sarta patalina jeung pangarangna.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Data anu rék dikumpulkeun téh nya éta aspék psikologis tokoh carpon “Sintung Kalapa”, riwayat pangarang, sarta patalina antara tokoh carita jeung pangarangna. Téhnik panalungtikan téh ngawengku dua rupa, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

1. Téhnik Ulikan Pustaka

Téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa bahan-bahan ku cara macaan sarta neuleuman eusi buku nu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

2. Téhnik Wawancara

Dina ieu panalungtikan dilakukeun wawancara ka pangarang carpon “Situng Kalapa” pikeun ngumpulkeun data ngeunaan aspék psikologis pangarang.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus kakumpul téh terus dianalisis pikeun nganalisis aspék psikologi pangarang jeung tokoh carpon “Situng Kalapa”. Aspék psikologis tokoh jeung pangarang dianalisis dumasar kana téori psikologi kepribadian nu diwengku analisis temperamén sarta watekna.

Data aspék psikologis anu kapanggih dina carpon “Situng Kalapa” satuluyna dipatalikeun jeung data aspék psikologis pangarang carpon “Situng Kalapa”.

3.3 Populasi jeung Sampel

3.3.1 Populasi

Nurutkeun Arikunto (1998:115), populasi nya éta sajumlahing subjék panalungtikan

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing carita pondok sarta pangarang nu aya dina buku kumpulan carita pondok *Kanagan* nu disusun ku Duduh Durahman jeung Tatang Sumarsono anu jumlahna aya 41 carita ti 41 urang pangarang. Buku kumpulan carita pondok *Kanagan* diwangun ku 431 kaca, citakan munggaranna taun 2003, diterbitkeun ku Geger Sunten.

3.3.2 Sampel

Nurutkeun Arikunto (1990:117) sampel nya éta sabagéan atawa wakil tina populasi nu rék ditalungtik.

Nangtukeun sampel kudu ditingali sababaraha tinimbangan, di antarana waé perlu merhatikeun masalah, tujuan, hipotésis, jeung instrumén. Lian ti éta tinimbangan ngeunaan waktu, tanaga, jeung waragad ogé kudu diperhatikeun. Ieu hal luyu jeung pamadegan Sudjana (1991:72) anu nétélakeun:

“Sampel digunakan oleh peneliti berdasarkan masalah, tujuan hipotésis, metode dan instrumen penelitian, di samping pertimbangan waktu, tenaga dan pembiayaan. Berdasarkan pertimbangan tersebut, peneliti dihadapkan pada persoalan yang berkenaan dengan teknik penarikan sampel, besarnya sampel”.

Dumasar kana éta katerangan, sampel nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *quota sampling*. Hartina ditangtukeun heula kritéria anu baris dijadikeun sampel. Ku kituna nu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta carpon “Situng Kalapa” katut pangarangna.